Абаззхэ Хь. Ч. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIащыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьыным къаруушуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным **Абаззхэ Хьэдис Чысамбий и къуэм** - «Реал» концерным и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 6-м
№121-УГ

Сидорук П. Ф. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ дагъуэншэу зэрылажьэм, законхэр гъахьэзырыным, жылагъуэ Iэхуэхэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етын **Сидорук Павел Федор и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым, «Зэкъуэтыныгъэм и телъхь» - «Сябры» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэщIэхьеныгъэм и советым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 6-м
№122-УГ

Войтов А. И. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Уху эныгъэм и Iэнатlэм щиIэ фIыщIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным **Войтов Алексей Иван и къуэм** - «Ай-Би-Си Промстрой» трест» ООО-м и генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 6-м
№123-УГ

Щыхьэлы З. М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, законхэр къыдэгъэкIыным, жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етын **Щыкъэлы Зэирэт Махмуд и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIуфэмкIэ, регламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ и комитетым и унафэщым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 6-м
№124-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр къэщтэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ипкъ иткIэ **унафэ сощI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыну къэщтэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Аттаев Ж. Ж. - «Заман» газетым и редакцэ» къэрал кIэзэнэ Iуэхущ1ап1эм и редактор нэхъыщIхьэр

Беппаев С. У. - Граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм зегъэужьыным зыщIэгъэкъуэнымрэ цIыхум и хуитыныгъэхмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр

Бобылев В. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и православнэ члисхэм и Iэтащхьэр

Болэт А. Хь. - «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакцэ» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1ап1эм и редактор нэхъыщIхьэр

Вэрокъуэ В. Хь. - ЩэнхабзэмкIэ урысей фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кинематографистхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусылъмэхэм я дин Iуэхущ1ап1эм и тхьэмадэр

Иуан П. М. - Урысейм Щ1эныгъэхмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и президиумым и тхьэмадэр

Кульбаев С. М.- «Заря» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам генеральнэ директорыр

Любуня Н. Г. - Тэрч-Балъкъ къэзакъ округым щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хиубыдэм и атаманыр

Мэзло Р. Б. - «Зыуэ щыт заказчикым и дирекц» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кIэзонэ Iуэхущ1ап1эм и унафэщIыр

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацым и Гъэзэщlакlуэ унафэщIыр

Нахущ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и апэ, етIуанэ хэхыгъуэхэм Республикэмкl Советым и Унафэщlу щытар, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и еплIанэ хэхыгъуэм и депутату щытар

Тау П. КI. - «Къэбэрдей-Балъкъэр экономикэ зэгухьэныгъэ зыхьэхуит» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Федченко Л. М. - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыуэхуреихь дунейм кIэлыплIыныкIэ федеральнэ къулыкъущIап1эм и «Къуршхэмкlэ геофизикэ институт» къэрал Iуэхущ1ап1эм и программэхэм я унафэщIыр

ХьэфIыцIэ М. М. - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1ап1эм и редактор нэхъыщIхьэр, «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Хутуевэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уэныщагъэр хэмэныкIкIэ и министерствэм и «Аллергологие дэIэпыкъуныгъэ хэха кьызэгъэпэщыныкIэ центр» къэрал бюджет Iуэхущ1ап1эм и унафэщIыр

Шабаев Л. М. - Налшык къалэм и бгырыс журтхэм я дин зэгухьэныгъэм и раввиныр

Шыпш А. М. - «Бэрбэч Хь. М и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1ап1эм хабзэмрэ я теориемрэ тхьэдэмкIэ и кафедрэм и егъэжьакIуэ нэхъыщхьэ, «Урысейм и юристхэм я ассоциацэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Юрист ныбжьыщIэхэм я советым и тхьэмадэр,

2. Мы Указым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хагъэхьахэм яхуэгъэльэгъуэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэр иирикъуу къызэгъэпэщыным щIадзэну.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 11-м
№125-УГ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩKIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№177 (22.335) • 2012 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 13, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Гум еIэзэ дохутырхэр зочэнджэщ

● Дыгъуасэ

Щ1эныгъэлI цIэрыIуэ Чазов Евгений къоп1ал1ъ.

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуап1эм дыгъуасэ я кIыщIзэIуахащ Кавказым и кардиологхэм я II конгресс. Махунтlкlэ екIуэкIыну зэIущIэм хэтыну ди республикэм и къалащхьэм къыщIзэхуэсащ Кавказым и хэгъэгу псоми кьикIауэ гум ехьэлIа узыфэхэм еIэзэ дохутыру 500-м ядблагъэ. Абрыхэм къыщынэмыщIауэ, ныгъэрей зэIущIэм къахуеблэгъащ Москва Санкт-Петербургрэ щыщ щ1эныгъэлI щ1эрыIуэхэр. Апхуэдэ зэхьыкIэр Кавказым и кардиологхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщащ икIи КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я дэIэпыкъуныгъэкIэ йокIуэкI.

ЗэIуIщIэ къыщызэIуахым къырихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Гертер Иван,** Щ1эныгъэхэмкIэ Урысей Академием и академик, УфIм Уэныншагъэр хуэмэнымкIэ и министерствэм и кардиолог нэхъыщхьэ, Урысей кардиологхэм я зэгухьэныгъэм щIыхь зиIэ и тхьэмадэ **Чазов Евгений,** КъБР-м уэныншагъэр хуэмэнымкIэ и министрым и кIуэдзэ **Iумэт Мурат,** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор **Къаремырзэ Барэсбий** сымэ.

Гертер Иван къызэхэсащ ехьэхуэскIэ захуигъазэщ, ди республикIэм щекIуэкI медицинэ зэхьыхьэм мыхьэнэщхуэ зэриIэр кьыхигъэщIри, КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен зэIущIэм хэтхэм зэрызахуигъазэм къеджащ. Тхыгъэм къыщыгъэльэгъуащ нужьрей илъэсхэм республикIэм медицинэм зэрызыщIужьар, абы гулыIитэ нэхъыбэ хуащI зэрыхьэр. «Медицинэм зегъэужьыным хуэунэIа федеральнэ, республикIэ программэхэр гъэзэщIа хэхьыныкIэ лэжьыгъэшхуэ йокIуэкI. Псом хуэмыдэу фIагъ льагэ зиIэ медицинэ Iуэхутхьбзэхэм нэхъ щэщIауэ зегъэфIбуэным тегушыпсыхьэ. Хха хущI. - къыщыгъэльэгъуащ абы. - Сэ щэч къытесхьэркъым узыфэхэр зыхуэдэр кьэхутэныкIэ, ахэр зыпкърытхэм еIэзэныкIэ щыIэ иджырей технологиехэр гъэкъыгъэм нэсу къыщыгъэсэбэпа зэрыхьым сымаджхэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагъыр кьапщIэу зэрыхьгъэхуэм. Ди къару псори зэщIэдгъэуIуэрэ а Iуэхум уэсгъэлажьэмэ, Кавказ щIыналъэм щыпсэуэхэм я узынша-



гъэр хъуэныкIи ехьуIэныгъэфIэр щыдIэнащ. ЗэIущIэм хэтхэм лэжьыгъэ купщафIэ кьехьуIэну, хьэщIэхуэфIу кьатьыгъэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм щагъакIуэ махуэхэр гукъинэж ящыхьуну си гуапэщ».

Адэжь утыкур хуит зыхуащIа Чазов Евгений гуапэу ягу кьиIэжьыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэр зэрызэфIэувар, кардиологием зэрызиужьар.

- Нобэ дэ мыдбэж дыщIыщIэхуэсар медицинэм и унэтIыныгъэ щхьэхуэхэм ящыщу кардиологием щыIэ зыужьыныгъэхэр зыхуэдэм дытепсэльыхьыныр, ар егъэфIэкIуэным зэран кьыщытхуэхьуэхэр зыгъэныкъуэ егъэза зэрыхьуныр убзыхэнэ зыми еIэзапхъэщ дохутыр нэсыр. Цыхуэ сымаджэр зэхэгъэзэж пщIыныр а Iэщ1агъэм зыкIи кьемыгъэтщ икIи апхуэдэ дохутырым и Iэнатlэр зыкIи хуэфащэкъым.

Къаремырзэ Барэсбий щIэныгъэлI цIыхуIэр я зэIущIэм зэтыну къазэрыкIуэр гъам щхьэкIэ фIыщIэ хуищIри, кьыхигъащащ арديمو псом и кардиолог пашэхэм зэрыхабжэр, ди къэралым кардиологием зыщIиужьыныкIэ абы зэфIитlэкIа лэжьыгъэр кьыпхуэмылъытэну зэрыщытыр. Адэкlэ ар кьытеувыIащ университетым щарэкъуэжьмкI медицинэ кьхуэгъэныгъэхэм, а унэтIыныгъэм щIэз кьыхьхьэ псоми гулытэ хуащIу, аэр студентхэм зэрыгъэгъэщIэным хущIэкъуэу зэрыщытыр. Къаремырзэм кьызэхуэсахэр щыгъуаз ящIащ университетым гъэкъэжьмкI медицинэ кьхуэгъэныгъэхэм, а унэтIыныгъэм щIэз кьыхьхьэ псоми гулытэ хуащIу, аэр студентхэм зэрыгъэгъэщIэным хущIэкъуэу зэрыщытыр. Къаремырзэм кьызэхуэсахэр щыгъуаз ящIащ университетым езым клиникэ кьхуэIуихьыну зэрымурадым, ар иджырей технологиехэмкIэ кьхуэзгъэпэщауэ, абы кьеклуалIэ дэтхэнэмэ фIагъ льагэ зиIэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэту зэрыщытынум.

КъБР-м узынщагъэр хьэмэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Iумэт Мурат жиIащ щIэныгъэлI щ1эрыIуэ Чазов Евгений зэIущIэм зэрыхэтыр республикIэм и медицинэ зэгухьэныгъэм дежкIэ пщIэшхуэу зэрыщытыр, абы иригъэкIуэкIыну зэIущIэхэр, мастер-классхэр дохутырхэм я Iэзагъэм хагъэхьуэныкIэ икъукIэ щхьэпэу кьызэрылъытэр. «А Iэщ1агъэм кьыхигъэщIа Чазовым медицинэм зэфIэкI льагэхэр кьыщIэгъэльэгъуащ, абы и кьохутэныгъэхэр дуней псом кьыщIэлъытащ, - жиIащ Iумэтым. - Щыхьу мин бжыгъэхэм гукъыдэж езыпыжар, псалъэ лей хэмыту, зыхуэдэ дохутырыр кьыбжиIэу кьызсщохуэ къэрал 16-м я политик цIэрыIуэ Iэу 19-м ар зэрызагъэIэзам. Уэ медицинэм хуэпщIа хэпхьэныгъэр зэп ящытыгъуп щэнхукъым, уи акъылыр, зэфIэкIыр, лэжьыгъэм хуиIэ гукъыдэжыр нобэрей дохутыр куэдым ди щапхъэщ».

ЗэIущIэм хэтхэр гуп-гупу гуэщауэ, кардиологием и унэтIныныгъэ щхьэхуэхэм теухуа зэхьыхьэхэр махуитIкIэ ирагъэкIуэнщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

НэхъыфIхэм хабжэ

Москва щызэхэта «Бжьыхь дыщафэ» урысейпсо мэкъумэщ выставкэм бжьыпэр щызыубыдахэм ящыщщ «Налшык консерв завод» ООО-р. Ар иолэжь идкIыпсту зи чэзу нащэм, помидорым, къэбыстэм, жэгундэм, пхьым.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ кьекIуалIэхэм псом хуэмыдэу ягу ирихьащ щхьуантIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэхалхьэ «Черри» помидор фIэлур. Iуэхущ1ап1эм игъэхьэзыр фIэлу-гъэхэм щIэупщIэ щIалэм и щхьэгъэгъэ нэхъыщхьэу къэплъытэ хъунущ мыбыхэм Iэмалыщ1эхэр кьызэрагъэсэбэпырэ жылапхъэфIхэр зэрыхасэрэ. Кьымыдэкlэ, Iэщ1агъэлIэр хущIокъу хадэхэкIхэм ябгъэдэлъ Iэфлагъымрэ витамин лIэужьыгъуэхэмрэ фIэлуГъэхэм хъуэ зэрыщыхьэуным. Предприятэр зэлэжь хадэхэкIэр езым зыхуей хуэзэу кьегъэкIыж.

Мы зэманым Налшык консерв заводым кьегъэщIылIащ щIы гектар 300. Ар идкIыпей мардэхэм тету егупъуу зэрахьэ. Мэкъумэщ техникэмкIи нэсу кьызэзгъэпэща Iэнатlэм хадэхэкIхэм зэрелэжьым кьыдэкIуэу, ерыскьыхьэлъхьэу кьагъэсэбэп щхьуантIагъэхэрэ егъэхьэзыр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

США-м и консульствэр зэтракъутэ

Ливием и Бенгазэ къалэм щIыIэ Америкэм и Штат Зэгухэхэм я консульствэр дыгъуасэ зэтракъутащ. Зы дипломат хэкIуэдащ, зыбжанэм фэбжь ягъуэтащ.

2001 гъэм фокIадэм и 11-м США-м къыщыхъуэ террор Iуэхугъуэхэм я теуухуаэ америкэ телевиденэм къигъэльэгъуа фильмым мусылъмэнхэм я пщIэр ирикуныжыну, Муьэммэзд бе-гъымбарыр игъэпуду хьэрыпхэм кьалъытащ. Аращ ахэр уэрамхэм кьыдэзышар.

Цыхуу губжьахэр полицэм кьыхуэзэтlегъэувыIакъым. Гранатэдэхэр, автоматхэр яыгъыу ахэр США-м и консульствэм теуащ икIи ар кьанэ щIагъуэ щымыIэу зэтрагъэсхащ.

Апхуэдэ зэрыхьэрийхэр нэгъуэщI хьэрып хэрэалхэми щекIуэкIащ. Псом хуэмыдэу ар щыгъуащ Мусылъмэнхэмрэ христэнхэмрэ иужьрей лъэхъэнэм зыщыIея Египетым.

Каталониер ИспаниемкъыхэкIыну хущIокъу

Испаниер щIыпкIэ гугъуэм ихуащ. Басскэм къикIэлъыкIуэу а къэралыгъуэм къыхэкIыну хущIокъу каталонхэри.

Псом хуэмыдэу ИспаниемкъыхэгъэкIуэ къэрал щхьэхуит щIыным и телъхьэу Барселонэ кьалэм щекIуэкIа манифестацэм цIыху мелуанрэ ныкъуэм нэблагъэ хэтащ. Плъыжь-гъуэжьыфэ ныпхэр яIыгъыу ахэр уэрамхэм ирикIуащ, «Каталониер - Европэм и къэралыгъуэщIщ» къыхуеджэныгъэм щIэту.

Каталонхэм кьащхьэщыжу апхуэдизу цIыху зэхуэзыщэса манифестацэ нэхъыпэм Испанием зэи щекIуэкIакъым. Абы хэтхэм кьалъытэ я льэпкъым лей кьыхтехьэу икIи къэралым и бюджетым халъхьэжьмэ нэхъ-рэ куэдкIэ нэхъ мащIэ фIэкIа къытрамыгъэкIуэдэжу.

Иджы коммунистхэри яхохьэ

ДызыхуэкIуэ щ1бэтым

Гу зылъытапхъэ

IУЛЪХЬЭ зэрыуэ1эпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбарэхэм фыщыгъуаззэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

Школыщ1э къызэIуах

АБХЪАЗ. *Фокlадэм и 3-м Очамчыр къалэм къыщызэIуахащ еджакIуэ 400-м хуэщIа школ-интернатыщ1э. Ар яхуащ 2010 - 2012 гъэхэм тещыхьа Абхъаз Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ планым ипкъ иткIэ.*

УХУЭНЫГЪЭМ, школ-интернатыр зыхуеину Iэмэпсымэхэм сом мелуан 277-рэ трагъэхуэдащ. Еджапlэ-интернатыр щаухуащ мы гъэм илъэс 75-рэ иринкъу, Басарие и цIэр зезыхьэ Очамчыр дэт еджапlэ №3-м и пщIантlэм. УхуэныгъэщIэм хэтщ кьатI 4 хъу еджапlэ, кьатI 3 зыубыд интернат, щхапlэ. Апхуэдэу школым иIэщ спортзал, спорт утыку зэIуха. Школ-интернатым щылэжьэнущ волейбол, баскетбол, стIолыщхьэ теннис, шашкэ, шахмат, хореографие, макъамэ, театр кьудамэхэр.

УЭРДКОЪУЭ Женя.



Хъупсырокъуэ Назир и цIэр зэрехьэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *КъШР-м и школ нэхьыкIыдыр, Черкесск къалэм дэт гимназие №9-м фокIадэм и 1-м щыIэхэтащ абы щеджа, къэрал-жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Хъупсырокъуэ Назир (Кърым-Джэрий) Хьэзыр и къуэм и цIэр зэрыфащым теухуа зэхьхьэ.*

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, юстицэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хъупсырокъуэ Назир; къэрал кьулыкъу лIагъэр, абы Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокуратурэр, Президентым и Администрацэм и чэнджэщагъуэ и ныбжьыр илъэс 60-м ирагъэкIэ и щэхIуэгъуэм дунейм ехыжащ.

Жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэм и фэепль зэхьхьэ гуапэм хэтащ республикэм и унафэщI Темрезов Рашид, Черкесск и Iэтащхьэ Тамбий Руслан, жылагъуэм, нэхьыжьхэм я советым я лIыкIуэхэр, школ олимпиадэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуа еджакIуэхэр, Хъупсырокъуэм и Iыхьлыхьэмрэ благъэхэмрэ.

- Хъупсырокъуэ Назир и фэепльыр ар зыдэзэпэкIыну щыIэ куэдым я гум щахьэмэныкIыжащ, Кавказ Йщхьэрэм и тхыдэр куууэ зыщIэ, абы и гугъуехьэхэр кьызэнэкIыным и хэкIыпIэхэр зэпэзыльытыжащ икIи пхьыгъэкIи щIыху щыпкъэу. Абы и фэепльыр ди дежкIэ мыкIуэдыжыщ. Назир сыт хуэдэ Iуэхуэм ирищытми, ар уэзщIауэ и кIэм нигъэсу зэрыщытыр, и унагъуэмрэ и льэхэмрэ хуиIа льэгъуныгъэр щIэблэ куэдым я дежкIэ щапхъэ зэрыщытынур си фIэщ мэхъу, - жиIащ Темрезов Рашид гимназием и блным фIадза. Хъупсырокъуэм и щIэр кьызытет пхъэбгъур кьыщызэIуихым.

Хъупсырокъуэ Назир и адэ Хьызыщ Къэрэшей-Шэрджэсым, Черкесск къалэм я унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ и кьуэм и фэепльыр мыкIуэ-дыжьын зэращIам папщIэ, гимназием щеджэхэм ехьуIэныгъэхэр щIэныгъэм щызыIэ-рагъэхьэну, ергъэджакIуэхэм - ахэр зыхэзыщIыкI, кьызыгуры1уэ школакIуэхэр я1ану зэригуапэр яжриIащ. Назир и кьуэ Хъупсырокъуэ Мурат гимназием и унафэщIым иритащ тыгъэ яхуищIа автобусым и Iункlыбзэ1ухр.

● Хъыбар гуапэ

НэхъыфIхэм хабжэ

Москва щызэхэта «Бжьыхь дыщафэ» урысейпсо мэкъумэщ выставкэм бжьыпэр щызыубыдахэм ящыщщ «Налшык консерв завод» ООО-р. Ар иолэжь идкIыпсту зи чэзу нащэм, помидорым, къэбыстэм, жэгундэм, пхьым.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ кьекIуалIэхэм псом хуэмыдэу ягу ирихьащ щхьуантIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэхалхьэ «Черри» помидор фIэлур. Iуэхущ1ап1эм игъэхьэзыр фIэлу-гъэхэм щIэупщIэ щIалэм и щхьэгъэгъэ нэхъыщхьэу къэплъытэ хъунущ мыбыхэм Iэмалыщ1эхэр къызэрагъэсэбэпырэ жылапхъэфIхэр зэрыхасэрэ. Кьымыдэкlэ, Iэщ1агъэлIэр хущIокъу хадэхэкIхэм ябгъэдэлъ Iэфлагъымрэ витамин лIэужьыгъуэхэмрэ фIэлуГъэхэм зэрыщыхьэуным. Предприятэр зэлэжь хадэхэкIэр езым зыхуей хуэзэу кьегъэкIыж.

Мы зэманым Налшык консерв заводым кьегъэщIылIащ щIы гектар 300. Ар идкIыпей мардэхэм тету егупъуу зэрахьэ. Мэкъумэщ техникэмкIи нэсу кьызэзгъэпэща Iэнатlэм хадэхэкIхэм зэрелэжьым кьыдэкIуэу, ерыскьыхьэлъхьэу кьагъэсэбэп щхьуантIагъэхэрэ егъэхьэзыр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

«Мелуанхэм я зекIуэ» аргуэру Урысей Федерацэм и кьалэ нэхъ инхэм щекIуэкIынущ.

Дауи, цIыху нэхъыбэ зэхуэзышэсынур Мэзкъу щIэнуращ. Иджыри кьэс «Мелуанхэм я зекIуэм» яхуэсмыхьа коммунистхэри фокIадэм и 15-м уэрамхэм кьыдыхьэнущ.

Мэзкъу и мэрием гугъуехьышхуэ пылъу щыпхагъэкIащ мыарэзыхэр зэрыкIуэну щIыкIэр. Пушкиным и цIэр зезыхьэ мётро кьуэвы-Iэп1эм щызэхуэсынурэ ахэр Сахаровым и проспектым хуэкIуэнущ икIи абы и деж щым пэкIу щрагъэкIуэкIынущ. НагъэщIу жыIПэмэ, Урысей Федерацэм и кьалащхьэм и курыкупсэр щэбэтым бжьэ кьэпщIам хуэдэнущ.

Мы махуэхэм

Фокlадэм и 13, *махуэку*

t Сталинградэ зауэм зэрыщIидзэрэ илъэс 70 ирокъу.

t Илъэс 75-рэ и пэкIэ Ростов областымрэ Краснодар краймрэ къызэрагъэпэщащ.

t Драматург, режиссёр, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэ артист **Тубай Мухьэмэд** 1919 гъэм кьалъхуащ.

t И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бицу Георгий.**

t Мэкъумэщ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Джыназ Борис** 1941 гъэм кьалъхуащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

УэфIу щытынущ. Махуэм хуабэу градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 13 - 16 щыIэнущ.

Фокlадэм и 14, *мэрем*

t Илъэс 200 и пэкIэ Мэзкъу зауэншэу франджыхэм кьыхуагъэнащ.

t Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Щоджэн Бетlал** 1950 гъэм кьалъхуащ.

t ХьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Гъэлъ Георгий,** Черкесск къалэм и Iэтащхьэу щытар, **Дер Станислав** илъэс 65-рэ и пэкIэ кьалъхуащ.

t КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм и унафэщI **Щокъварэ Залинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур:

Пшэр техьэ-текIыу щытынущ. Махуэм хуабэу градус 19 - 23-рэ, жэщым градус 13 - 18 щыIэнущ.

Пп1ан1эгъэ зыгъэхьэзырар **ЖЫПАСЭ Заурбэчщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Iэщэр зыгъэдалъэм илъ япэ мажэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

2012 ГЪЭМ фокIадэм и 1-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятиэ зэгуэтым и къудамэм и Iуэхущ1ап1эпсоми етIанэгъэ и япэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэнухэм Iэ трегъэдэзым щыщIадзащ.

Фыдзэзыхьх газетхэмрэ журналхэмрэ 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьеврГъэхьыну Iэ щытебдзэ хъунущ ахэр и чэзум унэм ныфхэузэхьыну е пощт зэпыщIэныгъэмкIэ Iуэхущ1ап1эхэм къыщывэзытыжыну щэсыпIэу къэув пощт Iэнатlэхэм.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ зэрыщыщIадзым пыщIа Iуэху псоми пощт зэпыщIэныгъэмкIэ «Урысейм и пощт» Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Iуэхущ1ап1эхэм щхьэхуэу фыхагъэгъуэзэнущ.

Iэ тедзэныр фымыгъэгувэ, и кIэ дыдэм нэвмыгъэс.

ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ - «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Ди псэлъэгъуэр

Урысеймии дунеймии зэхъуэкIыныгъэхэр къапоплъэ

***«Урысеим и къулыкъущIэхэр зэуэ жылагъуэми яхуэзгъэжьэжащ мыарэзыхэм я зэщIэхъеныгъэр къыздэкIыжынымкIэ щIэблэ. Ар къыгуроIуэри, власти ар хуцIокъу цIыхухэр игъэшынэну, ауэ абы ар хуэзфIэкIынукъым. АрщхьэкIэ мышынэхэм я бжыгъэр зэкIэ куэдкъым. Уэрамхэм дыхьэфину хьэзырхэм я нэхъыбэр илъэс 20 - 30 зи ныбжь щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэщ. Я пIэ кърашын папщIэ аэр зэщIагъэстын хуейщ.**

- АтIэ аэр зэгунэмыгъэныкъэ властым зэрихъэ бюрократыгъэм?

- Зэгуегъэп. Урысеим къулыкъущIэхэр зэуэ жылагъуэми къэралым щахуэлжьэфынукъым. Ар куэд гъандэрэ зэфIэувэ хабзэщ. Я щэнтжьеим мрамыхун папщIэ, «цIыхубэм хуэлажьэ гугъуехьакIуэхэм- сытри ящIэфынуц. Власти щIакхъуэм нэхъри нэхъ Iэфщ - ар псоми ящIэ. Ауэ щхьэным щIэх дыдэ удихьэхынущ. Нобэ сом мелуан зыкIэщIэбупщIамэ, пщэдей мелуанитху, пщэдеймащIкIэ мелуанищI зэрыппхъуну уигу къэкIынущ. Паркотикым хуэдэу узыIэпешэ. Абы щыгъуэми, къулыкъущIэхэм зыхаху цIыху губзыгъэхэр, хьэлэлу лажьэхэр. КъулыкъущIэхэр хьэзырыдж къызэрыщыгуфын нэхъри нэхъыбэк я ищхьэкIэ къыстетым хуащIынэ. Абы къыхэкIыу ирагъэкIыжынкъым. Ар псоми дощIэ. Абы зэхифIэтIэнущ пэрэ дэтхэнэри...

Илъэс 20 си ныбжьку сэ журналисту сыщыIэжьащ «Бакинский рабочий» газетым. Цензурэм пхрыкIын и пэкIэ Iэмал сиIэт парт унафэщIхэм къапсэтыныхэм щыгъуаз захуэсщIыну. Зэгуэр сыкъеджащ Хрущеврэ Донбасс и шахтерхэмрэ яку дэлъа псалъэмакъым. ФIамыщI къыщIэзыхьхэр зыгуэркIэ хуабжьу арэзытекIым. Хрущев жэуапу яритыжащ: «Фэ фызыхуэмыарэзы дэтхэнэ министрми и цIыкIфи, сэ ар пщэдей нэхъ фIэмакIыку тезгэкIынщ, ауэ зыгуфыгъаIуэ сэ министерствэр зэрызэхуэзмыщIыкIыпир». АрдыдэмкIэ абы зиумысыжащ зэхэжьихьа хабзэм зэрыпэмыльэщынумкIэ.

Америкэм езым и щхьэ Iуэхухэр къобэкI

- Уэ къэралитIми - Урысеими США-ми - уэзэрыщIепсэум къыхэкIыу сыноупщIыну сыхуеIейщ: сыт ди дежи щIекIуэкIэхэм теухуауэ Америкэм щыжаIэр?

- Америкэр мы зэманым зыпэщIэтыр езым къыпыкъуэкIа къалэн къэзыкIейрщ. Нэхъыщхьэ дыдэу зи гугъу щащIыр Обамэ Уэн Хужьым къыщIэнэнэрэ къыщIэмынэнрэщ. Штатхэм я дежкIэ ар щытщ псэзэпытхъэпIэ Iуэхуу. Нобэ куэдым къагурыIуащ етIуанэ пIалъэкIэ Обамэ президенту хахмэ, США-м кIэ зэрэгъэтыныр - ар щытыжьнукъым нужь илъэс 200-м зэрыщытам хуэдэу. Иджы абы нахуэу щыжаIэ Унэ Хужьыр коммунистэм яIэщIыхьауэ. Урысеим и тхыдэмкIэ ящIэ абыхэм демократие Iэмалкъэ властыр къаззэрыIэщIумыхьфынур. НэгъэщIэу жыпIэмэ, щытыкIэр куэдкIэ щынэхъ хэпIъэгъэщ Урысеим нэхърэ. Мазэ гъунэгъу дыдэхэм къэралым зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъунущ. ЦIыхухэм ерыскъыпхъэхэр, Iэщхэр зэхуахьэс. Сэ сыгуфIэрэкъым икIи езгъэлейркъым. Урысеим и цIыхухэрэщ Америкэм и Iуэхур фIыуэ къэзыпытыгъэнущ. АрщхьэкIэ, США-м ущыпсэуэн, пIалъэ нужь уи гъунэгъуэм ашыккIэрэ ерыскъыпхъэхэр, Iэщ къызэращэхур. Уегупсысыну шынагъуэщ, ауэ Америкэр граждан зауэм хуокIуэ. Гъаттэхэм и 16-м Обамэ къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, къыздэрымыкIуэ щытыкIэ ягъэувмэ (ар зыгъэувыдфынри езырщ), правительствэр хунтщ цIыхухэм Iэщхэрэм, ерыскъыпхъэхэрэм, транспортри, нэгъэщIэгъэн къатрихыну.

- Ар нэхъ ткIийнщи хунт зымыщI хабзэщIэхэм нэхъри. А унафэр сыт хуэдэу къащыхъуа американхэм?

- Зыуи. Иджыри куэдым къагурыIуэркъым абы къыщэнкIэ хъунур. Урысеим и цIыхухэр есащ властым и дэтхэнэ гъэбагъкуэми кIэтыплпIу - абыхэм я псэукIэр занщIэу елытащ абы ичъабжьхуэхэм. Ауэ Америкэм и цIыхухэм я процент 95-р властым зыкIи пыщIакъым, я щхьэ ягъэпсэуж. Аэр есакъым правительствэм и гъэкIуэ къафIэIуэхуу. Американхэм куэдрэ я фIэщ хъуакъым социализмыр ихуэну мурад зыщIа президент хахуэ. Ауэ США-м и цIыхухэр бгъэкъуэншэну гугъущ - аэр икъукIэ жыIзыхфIэщхэщ.

- Урысеим нэхърэ нэхъ жьыIзыфIэщ?

- Хуэдэ куэдкIэ! Абыхэм я псэукIэр зэпэщ къокIуэкI. Илъэс 30 и пэкIэ Америкэм сыIэпэхъуа нужь, сэ псом япэу къэзгъэтыжащ США-м къыщалъхуа нкIи къыщыхъуа си анэ ышпхъур. Дэ куэдрэ дыхьэбгъэдэсащ. Сэ абы хуэсIуэтэжащ зауэм и зэманым сыбайнуэ гугъуехь инхэр зэрыгъэгъэвар, сызэрымэжаIар, зауэ нужьыми зэманыр хуэпIэу зэрыщытар. Къызэдалъэщ - къызэдалъэри, къыспидзыжащ: «Фи закъуэ фи гугъэрэ гугъу ехьар? Дэри аэр жыжьэуэ дытыншакъым. Къытхуихуащ тшхыну джэдыкI фIэкIа щыдмыгъуэта зэман». Дэрэ абы псэукIэм къулеисысыжьгъэтIысхьэ зэрызыщIэхъущыкIыр зыхуэдизыр уи нэгу къыщIэгъэхьэт! Иджыри зы щапхъэ: 80 гъэхэм я пэщIэдзэм Обамэкъэ лэжьащIэнщIагъэхэм я бжыгъэмкIэ, инфляцием зэрызыбгъуамкIэ етIысхьапаэу щытащ. Сэ слъэгъуащ бензиным папщIэ чэзум хэт американхэр зэзэуэжу. Абыхэм ящIэртэкъым чэзур зищIысыр, щIакхъуэ щхьэкIэ зы жэщ-махуэкIэ чэзум уэхтыныр зыхуэдэр. Абыхэм ар я щхьэ къыпIасэртэжкъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, я псоми урысейхэр куэдкIэ нэхъ хуэхьэзырщ.

ЖьытIэнщи, иджы дыдэ хъыбар къэIуащ Сорос Джордж дыщэ ищIхуу. Ар белджылыуэ и щхьэгъащ къупсейсызыгъэр къызэрыблагъэм. Псори зэрыщыгъуэзэщи, Сорос япэ щыкIэ Iуэхухэр зэIегъэхьэ, революцIэхэр къызэрегъэпэщ, нужьыкIэ пIалъэ дыдэ хъуа дыщэр къещхуу. Абы тепщIыхьмэ, США-м гражданзауэ къыщыхъеину зэманыр жьыжькъым.

Гъхьгъэм и кIэуухуу: **Тополь Эдуард 1938 гъэм Баку къыщалъхуащ. ВГИК-м и сценарий факультетыр къичуащ. 1978 гъэм Америкэм щыпсэуну Iэпхъуащ. Роман, сценарий цIэрыIуэ зыкъом итхащ, пьесэ зыбжанри IэдакъэщIэкIащ.**

ГРАЧЕВ Сергей.
«Аргументы и факты»

● Фэеплъ

ЛIыгъэрэ Iуэху инхэмкIэ гъэнщIа гъащIэшхуэ

И ныбжьыр илъэси 102-м иту дунейм ехьажащ СССР-м зыхьумэжьыныгъэмкIэ и министру щыта, маршал, Совет Союзым и ЛIыхъужь, генерал-полковникитIым я адэ Соколов Сергей. Илъэси 100 къэзыгъэщIа и щхьэгъусэр лIа ижь, ар зэрыпсэужар махуиц къудейц.

АБы и къекIуэкIыкIар быдзу хэпщащ ди къэралым и тхыдэм. Ар КъуэкIыпIэ Жьыжьэм щекIуэжа зауэм, Хэку зауэшхуэм хэтащ, Афганистаным щыIащ. Дунейм нэгъуэщI офицер тетакъым илъэс 60-кIэ дзэ къулыкъу ирихьэкIауэ. Абы къыхэкIа щIэщIэ гугъуэщ икIи гъащIэгъуэнащ. Райпотребсоюзым хьэпсэхьэсу лэжьэн къыщыщIидзэри, маршал, Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуащ. Абы къыхуащIа фIыщIэхэм я щIыхьтщ псори зэхэту зы пут зи хьэлъагъэн ди дежи, нэгъуэщI къэралдамыгъэкъэр. Зэи абы и щхьэм Iэ къыддалъэрт, зэи къьщIхьэфауэрт. Апхуэдэ къэхъуащ нэмыцэ дырийпсырий Рустем езым и кхъухьльатэмкIэ Ут Плъы-жьым къыщытIысха иужь. Дзэ унафэщIхэр Кремлым щызэхуэзышэса Горбачёв губжьам, СССР-м зыхъумэжьныгъэмкIэ и министрым зыхуигъаззри, жиIащ:

- Уэ, Соколов, чэнджэщ уэстынт, уи къулыкъум уззрытекIым теухуа рапорт къэптыну!

УнафащI нэхъыщхьэхэм япэсэлъэжу емыса цIыху зэтет, нэмысыщхуэ зыхэлъ Соколов абы щыгъуэм хэкъуэзуэ пигъэщхъащ:

- А рапортыр сэ стхащэу къэптыта!

Абы Iэщэжа щыуагъэмкIэ зиумысыжащ, министр къулыкъум къытенэну хущIмыкIыу. Ауэ дзэр къиГэнахъым. И уэзышащэр пэлъэщыху къулыкIу ищIащ. Уэхэм щыхагъэзэхьыми, абы хуэзфIэкIырт гушыIэн. И ныбжьыр илъэс 99-рэ щIрикъуам абы и дежи лъагъунЛъагу кIуащ Совет Союзым и маршал Язов Дмитрий. Бжьэ зыпхыз яIэтащ. Язовым жиIащ:

- Уи ныбжьыр илъэси 100 ирикъумэ, Сережэ, да ар кууэ дгъэлъэпIэнщ!

Соколов абы елпIащ, пыгуфIыкIри, пидзыжащ:

- Сэ, Дмитэ, апхуэдэ юбилей мылъхуэсхэр згъэлъапIэркъым...

Ауэ юбилейр ягъэлъапIащ. Урысеим и Президентым хъуэхуу къыхуигъэхьащ, зыхъумэжьныгъэмкIэ министрым сыхэт къриташ. А сыхьэтыр тэмэму пэжьащ илъэси 2-м щIигъукIэ. Иджыблагъэ увыIащ...

Маршал Соколов Хэкум Iузхуфi куэд хуилэжьа къудейкъым, атIэ абы къыхуигъэнащ езым и лъагъуэм ирикIуэ и къуэхэр - тIури генерал-полковникщ.

ГъащIэщхуэ къэзыгъэщIа маршалым и цIэр Урысеим РекордэмкIэ и тхылъым иратхэнущ.

БАРАНЕЦ Виктор.
«Комсомольская правда»

Маршал Соколов Сергей.

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Щхъухь зыщэхэм япэщIоувэ

Магнитогорск (Челябинск область) щыпсэухэм пщэдджыжьым жьыуэ къаIэтэгъуащ язынныкъуэ сату щIыпIэхэм «Мыбдеж ажал щащ» тхыгъэкIэ зэрытегъуэр. Абы и закъуэкъым: я бжэхэри цепхэр зыфIэщIа Iункныбзэ къэбхэмкIэ ягъэбыдат.

ЖэщIМ апхуэдэ Iуэху зыдэжьаехэр Интернеткъ тыншу къыпхуэтъуэтынущ. Зэгъэпщкlуным и пIэкIэ, абыхэм я суртэхэр сайтхэм яфифIу ираатьхэ. Къаладэс гуманэ зыкъыхэр зэрыгъэпэщащ «Магниткъм наркотик щремыIэ!» зэгухьэныгъэр.

- Жэщым едгъэкIуэкIа лэжьыгъэр къаIэм щхьэхьыр дэдгъэкъэбзыкIыным хуэгъэзауэ тча япэ лъабакъэ къудейщ, - дыкъыщоджэ Интернетым. - Сыт апхуэдэу щIэтщIар? Наркотикыр щIалэгъуалэм трагъэпса Iэщэщи! Апхуэдэу щыщыткIэ, абы дыпэщIэувэн хуейщ!

Цыху мин 400 зыщыпсэу къаIэм илъэсым зэрыщIидзэрэ цIыхуи 100-м нэблагъэ дэлIыкIащ наркотикхэм я зэрранкIэ.

Магнитогорск Челябинск областым бжьыпэр щиIыгъщ щхьэхъ бзаджэхэм илыкIхэм я бжьыгъэмкIэ. КъаIэдэсхэр мэтхьэусыхэ наркотикхэкIэр зыхэтхэр сату щIыпIэхэм нахуэу къыщIыпщэху зэрыхъум къыхэкIыну.

Хабзэхъумэхэм щIэх-щIэхыуэр рейдхэр ирагъэкIуэкI, Iущхэ зыхэтъ продукIэр сатуущIэм къытрах. Мэрием унафэ къыщтащ сату щIыпIэхэр бэджэнду щаткIэ наркотикхэкIэр, уи акъылIыр зыгъэхуэхуэ нэгъэущIхэр ящэ зэрымыхъунур зэгурыIуэныгъэм къыхэкIыгъэтъэгъэнным теухуауэ. Иджы Iуэхум хохьэ къалэдзсхэри.

- Фэ дауэ фыкъэра абы?

Брюн Евгений, *Урысеим и нарколог нэхьыщхьэ.*

- Магнитогорск щекIуэкIэм теухуауэ жыIэ хьунур зыщ: «Афэрым, къалэдзсхэI». Хабзэхъумэхэр япэтъэ-ирахри дыгъэгъазэм и 31-м и блыщхьэм ягъэIэпэхуащ. Аращи, махуищIкIэ зыдгъэпсэхунущ - 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м щыщIэдзауэ 2013 гъэм щыщIыщэм и 8-м нэсыху.

Абы щыгъуэми, мылъжьгъуэ щыщIыщэм и 5 - 6 мазитIыр илъэсыщIэ каникулхэм хиубдэми, абыхэм нэхъ кIыхь ящIыркъым зыгъэпсэхугъуэр.

Урысеим и Правительствэм и унафэм ипкъ иткIэ, а дыдэрэдэсыну махуэхэр 2013 гъэм кIуриубыдэу ягъэущI махуэхэм ягъэIэпхъуэфынущ. Абы папщIэ апхуэдэ унафэр къащтэн хуейщ зыгъэпсэхугъуэ махуэр ягъэувыным мазитI пIалъэ нэхъри нэхъыбэ имыIэжу.

Мы гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м дыдэрэдэсынри щIалъэIэпхъуэн щыIэкъым. ЦIыхубэ зэкъуэтынынгъэм и махуэм зэрытехуэм къыхэкIыу, а зыгъэпсэхугъуэр «езыр-езыру» ягъэIэпхъуэ щэкIуэгъуэм и 5-м, блыщхьэм. Аращи, абы щыгъуэми махущIкIэ зэкIэлъэкIыуэ зыдгъэпсэхунущ.

СМОЛЬЯКОВЭ Татьянэ.
«Российская газета»

● Хэхныгъэхэр

Хэт Митт игъэшынэр?

США-м и президентым республикэ партым къыбгъэдэкIыу и кандидат Ромни Митт арэзыкъым Обамэ ди къэралым «щабэIуэу къыздэхъуэжынымкIэ».

ИДЖЫБЛАГЪЭ республикэ партым и съездым Массачусетс штатым и губернатору щыта Ромни Митт США-м и президентым и кандидату къыщагъэлъэгуэну унафэ къыщащтащ.

Къыщыдалъэм Ромни къигъэгугъащ «езым и администрацэм Америкэм и ныбжьэгъуэхэр нэхъыбэIу диIыгъынэу». «Ауэ зиусхьэн Путин ильагъунщ щабэIуэу дыхъущытыным и пIэкIэ, нэхъ дыхэрыхуэткIиинур», - жиIащ кандидатым Урысеим щхьэкIэ.

ЗэрыгурыIуэщи, ар темыхъущIыхьу къэнакъым хэхныгъэм и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэу щыщытынум - США-м и иджырей президент Обамэ Барак.

Ромни щхьэхуэу тепсэлыыхьащ Унэ Хужьым ирипэжIуэкI къэрал щIыб политикэм. Абы къелытэ «Ираным и ядернэ Iуэхур къызэрыдэтриумыгъэувыIэфам къыхэкIыу американхэм ышнагъуэр нэхъ гъунэгъу къыхэхуэну». «Абы къыддэкIуэу къигъэщэбащ Кубэм егъэщIылIа санкцIэхэр, Израильм и щIыб хуигъэзащ, - пищащ кандидатым. - ПРО-мкIэ къалэн зыщыщIыхьахэм къызыкIри, Польшэм щыдиIэ ди ныбжьэгъуэхэр дыбгъэдгъэкIащ». «Абы и закъуэкъым: хэхныгъэхэм щытекIуэмэ, Тхьэм апхуэдэ къымыгъэхъукIэ, Обамэ хьэзырщ Урысеим нэхъри хуэщIбэну», - къыхигъащащ ди къэралым къызэрыхуэдзэлащхэмкIэ цIэрыIуэ Ромни.

АрщхьэкIэ апхуэдизу ихьунпкIыу зэрыпсэлъам республикэ партым щыщым къыхуэикъакъым зыщыгугъар. Обамэ хэхныгъэхэм япэ къихуэ и рейтингыр, нэхъапэми хуэдэу, зыкъомкIэ нэхъ лъагэу къэнэж.

СЕМЕНОВ Александр.
«Комсомольская правда»

● Зыгъэпсэхугъуэ

ЩэкIуэгъуэм щыщ махуиц

ДызыхуэхьэкIуэ итъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэхэм махун 10 я кIыхьагъэнущ, накъыгъэм и пэщIэхэм махун 5 нэхьрэ нэхьыбэ дыщысыну къыщIэкIынукъым. Апхуэдэ махуэгъэкIэ ягъэуващ мы гъэм и мэлыжьыхьым, (Iэжьыгъэ кодексым зэгъэзэхуэжьынымкIэ хальхьэрр.

ИПЭ ИТА илъэсхэм каникулэр щыщыIэм и 1-м кIыщыщIэдзауэ и 5-м нэс ятещIыхьат. ИужькIэ къа-кIуэрт Хьисэ бегъымбарыр кIыщалъхуа махуэр щагъэлъапIэ щыщыIэм и 7-р. Абы кхъыхкIыу щыщыIэм и 6-р гуфIэгъуэ махуэ гуэрхэми зыхъхъуэрт нкIи лэжьэгъуэ махуэр сыт щыгъуэ ягъэIэпхъуэн хуей хьурт. Хабзэгъэувхэм а мытэмэгагъэ зэрагъэзэхуэжащ. Зыми ищIэркъым ар нужьрей зэгъэзэхуэжьынымкIэ щытми. Аращи, ягъэ хъуащ къэкIуэну илъэсым гуфIэгъуэ махуэхэр зэрыдгъэпсэхуну щыкIэм и Iуэхур къэтIэтыну. Абы топсэлъыхь Iэжьыгъэмрэ щыхуэхэр Iэнатlэкъэ къызэгъэпэщыныкIэ федеральнэ Iуэхущапlэм и унафэщIым и къуэдзэ **Шкловец Иван.**

«ДызыхуэхьэкIуэ илъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэхэм махун 8 нэхъри зыгъэпсэхугъуэ зэрагъэзэхуэжащ. Зыми ищIэркъым ар нужьрей зэгъэзэхуэжьынымкIэ щытми. Аращи, ягъэ хъуащ къэкIуэну илъэсым гуфIэгъуэ махуэхэр зэрыдгъэпсэхуну щыкIэм и 7-рэ. КыщынэмыщIауэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэр дыгъэгъазэм и 29-м и щрэбэтым хуэзфIэкIырт гушыIэн. И ныбжьыр илъэс 99-рэ щIрикъуам абы и дежи лъагъунЛъагу кIуащ Совет Союзым и маршал Язов Дмитрий. Бжьэ зыпхыз яIэтащ. Язовым жиIащ:

- Уи ныбжьыр илъэси 100 ирикъумэ, Сережэ, да ар кууэ дгъэлъэпIэнщ!

Соколов абы елпIащ, пыгуфIыкIри, пидзыжащ:

- Сэ, Дмитэ, апхуэдэ юбилей мылъхуэсхэр згъэлъапIэркъым...

Ауэ юбилейр ягъэлъапIащ. Урысеим и Президентым хъуэхуу къыхуигъэхьащ, зыхъумэжьныгъэмкIэ министрым сыхэт къриташ. А сыхьэтыр тэмэму пэжьащ илъэси 2-м щIигъукIэ. Иджыблагъэ увыIащ...

Маршал Соколов Хэкум Iузхуфi куэд хуилэжьа къудейкъым, атIэ абы къыхуигъэнащ езым и лъагъуэм ирикIуэ и къуэхэр - тIури генерал-полковникщ.

ГъащIэщхуэ къэзыгъэщIа маршалым и цIэр Урысеим РекордэмкIэ и тхылъым иратхэнущ.

БАРАНЕЦ Виктор.
«Комсомольская правда»

● Щlэпхъаджагъэ

ТхакIуэшхуэм телъыджэ щыхъунт

Диэлкlэ лажьэ уадэшхуищ, дэтхэнэми тонниплI и хьэрыгъуэу, щадыгъуфащ Пермь къалэм и автоколонн№ №1595-м.

ДЫГъАКIУЭХЭР ятекIуэжащ урыс тхакIуэшхуэ Антон и «БзаджащIэ» расказым хэт пIыхъужьыим. Абы, къунтхым фIищIэн папщIэ, гъущI гъэгум винтхэр къыхихуэнтIыкIырт, мафIэгъуэр щхьэпридзынкIэ зэрыхъунур къыфIэмыуэхуу.

Иджырей дыгъуаIуэхэм революцэм и пэкIэ щыIахэм хуэдэу жьыгъейхэм щхьэкIэ зауфIеижьакъым. Абыхэм пIыныкъуэ ирагъэзащ ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп уадэ абрагъуэхэр.

- Дизель-уадэхэр автоколоннэм и ямыхъумэ щIыпIэм и деж щыпт, -жиIащ Пермь и Орджоникидзе районым и полицэм и уголовнэ розыскым и унафащIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Мерзляков Станислав. - Ар къагъэсэбэпащ дыгъакIуэхэм.

IыхьэзIыхьэу зэпкрыха Iэмэпсымэ лъапIэр абыхэм ядыгъащ, кран-бортыр къагъэсэбэпри. Шэч зыхуарамыгъащIын папщIэ зэпхри, гъущIкIэ щыIах щыIпIэм щащащ.

Иджы автоколоннэм къыщабжьыж ягъуэта хэщIыныгъэр зыхуэдизыр: зы дизель-уадэр сом мелуан и уасущ. ГъущI цIуугъэнэ зы килограммыр Пермь сомИ 4-7-кIэ щащ. НэгъуэщIу жыIэмэ, ягъуэтащ гъущIкIэ тонн 12-м сом мин 84-рэ нэхъыбэ къахущIэкIынутэкъым.

ИЗОТОВ Илья. *«Российская газета»*

● Къулей дыдэхэр

ЩIэзыдзам фIахьэху

Лондон кIэ щигъуэтащ щIэпхъуэжа олигарх Березовский Борисрэ Абрамович Романрэ я зэныкъуэкъум.

ИНДЖЫЛЫЗЫМ и кьалащхьэм и Суд лъагэм лъабжьэ гъэри имыIэу къыпыдтащ Березовский Борис нэгъэущI олигарх Абрамович Роман зэригъэкъуанщэм. Березовскэм кьиптэувырт иджырей доллар мелуан 5,5-рэ къыртыжькIи хуейуэ, ауэ икIи-икIэжьым зыри кьыIэрыкъыжьым. Апхуэдэ унафэм ар пэпIалъуэ къыщIыпкъункъым: судым нэжгужэу екIуэIащ, юрист 20-м нэблагъэ щыIэну. Абрамович судым кIуакъым, абы щыIар эучыльхэрщ. Судыр Лондон щащIэн хуей хъуащ Березовскэр абы щIыжьыпIэм, адрейм ягъэIэпхъуэ мыхъу мыгъэ зэрыщIэм кьыхэкIыу.

Мы Iуэхур хьэлэмэту кьежьащ. Зэгуэр Березовскэм Абрамович кьыщилъэгъуащ HERMES тыкуэныхьуэм. Иужьрейм и щхьэхъумэм яIэщIэкIри, Березовский ерыщым Абрамович и лъакъуэхэм якIэщидзащ зэрригъэкъуаншэр кьыщыгъэлъэгъуа тхыгьымпIэхэр - щакIуэ кIапэ зыдыгтеувэну кьыхуриджэм ещхьт.

Березовскэм жиIащ: ПIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Абрамович «Сибнефтыр», «Русалыр», ОРТ-р пуд дыдэу езым иращэжьыним ирихуIаIуэ. Абы папщIэ властым хуиIа пыщIэныгъэр Абрамович кьигъэсэбэпауэ кьыщIрихьэдзащ. Березовскэм ахэр абы ирищащ нкIи лъэщагъ ин дыдэ зыбгъэдэтэ и ныкъуэкъуэгъуэм апхуэдизкIэ щышынати, и хэкум ипэкIэ зыбгъэкIын хуей хъуащ. Сыт атIэ Березэ (и ныбжьэгъуэхэр абы апхуэдизу зыгъэдж? Ар) щIэрыгъуэкъым. Ауэ игу къэкIыжагъэнщ и ахъшэр кьыпщIэуха нужь. Iуэхум и купщIэу уващ «крыша» псалъэхэр. Апхуэдэ щыкIэкIэ ар зищIысыр иджы япэ дыдэу зэхахащ инджылызхэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, Березовскэм акцэхэр иIакъым, абы а къедбжкIа компаниехэм я Iуэхухэр дигъэкIыну аркъудейт, ищхьэкIэ щиIэ пыщIэныгъэхэр кьигъэсэбэпурэ. Абрамович и апхуэдэ псалъэхэр ин-джылызхэм ягъэщIэгъуащ.

Путин Владимир зэгуэр жиIаУэ щытащ судыр нэгъэущI къэрал зэрыщащIэр зэримыгуапэр.

- ПэхъыбIат а тIуми я судыр Урысеим щрагъэщIамэ, - кьыхигъэщхьэхуэкIащ абы. - Ар езыхэм я дежкIи ди къэралым екъэлIаи нэхъ захуагъэ зыхэлъу щытынт. Ахьшэр кьыщалэжьарэ кьыщыдгъэуари мыбдежщ. Мыбдежи щыIэхурегуэшыж.

АРСЮХИН Евгений.
«Комсомольская правда»

НапэкIуэщIэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Тырку Республикэ

Тыркудзэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуащ. Дзэ Совет Нэхъыщхьэм я къулыкъум тригъэкIащ псори зэхэту генералхэу адмиралхэу 56-рэ.

Мы Iуэхур къызэрыгуэкIыу къыщIрагъэдзыну хущIокъу. АрщхьэкIэ къулыкъуншэу къэнахэм ящыщу 40-м щэч хуащI 2007 гъэм къралым властыр щызэрахъуэкIыну хэтаУ. Хабзэхъумэхэм хуагъэфащэ Тыркур щэрихьэт Iуэху зехьэкIи и хабзэм трамыгъэхъэныр и щхьэусыгъуэу ащхуэдэ мурад яIаУ.

Эрдоган Тайип 2002 гъэм премьер хъуа нужь, правительствэм щIидзащ дзэр «и пI» игъэувжыныМ» теухуа Iуэхум. Эрдоганрэ абы и бынгуШIэтхэмрэ кьалъэ зэрыгъэувжу.

Сурэтым: **премьер-министр Эрдоган Тайип** *(ижьыМкIэ щытщ)* **дзэм и тхьэмадхэр и гъусэу.** *2011 гъэ*